



Amandman Manyèl

Opsyon Avi Elektwonik

VNS Health MLTC ak founisè nou yo ka voye avi sou otorizasyon sèvis yo, kontestasyon plan an, plent ak kontestasyon plent yo sou fòm elektwonik, olye pa telefòn oswa pa lapòs. Nou ka voye komunikasyon ba ou tou sou manyèl manm ou a, anyè pwofesyonèl swen nou an, ak chanjman ki fèt nan avantaj swen kontwole Medicaid yo elektwonikman, olye de pa lapòs.

Nou ka voye avi sa yo ba ou nan imèl ou lè yon avi disponib sou pòtal la. Imèl la pral gen yon lyen k ap mennen w nan pòtal la. Apati de la, ou ka konekte epi wè avi ou yo. Pou w itilize opsyon sa a, ou pral bezwen aksè nan entènèt la, yon navigatè entènèt e aksè nan imel ou.

Si ou vle jwenn avi sa yo sou fòm elektwonik, ou dwe mande nou. Pou w mande avi elektwonik kontakte nou pa telefòn, sou entènèt oswa pa lapòs:

Telefòn.....	1-888-867-6555 (TTY: 711)
Sou entènèt.....	memberdocs.vnshealthplans.org
Pa lapòs.....	VNS Health Health Plans – Electronic Notice PO Box 18023 Hauppauge, NY 11788

Lè ou kontakte nou, ou dwe:

- Di nou kijan ou vle jwenn avi yo ki voye nòmalman pa lapòs,
- Di nou kijan ou vle jwenn avi yo ki fèt nòmalman pa apèl telefonik, epi
- Ban nou enfòmasyon kontak ou (nimewo telefòn mobil, adrès imèl, nimewo faks, elatriye).

VNS Health MLTC pral fè w konnen pa lapòs ke ou te mande pou w jwenn avi nan fason elektwonik.

1-866-867-6555 (TTY:711)
Lendi – Vandredi, 9 am – 5 pm